



Pou Piblikasyon Imedya: 12/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU DIMINISYON KRIM NAN TOUT ETA A  
PLISKE KOMINOTE NEW YORK YO KLASYE PAMI KOMINOTE KI PI AN SEKIRITE  
NAN NASYON AN**

***US News & World Report te klase konte Long Island, Hudson Valley ak Vil New  
York pami 25 premye konte ki pi an sekirite nan Etazini***

***Krim nan Eta New York diminye 6% ane apre ane***

***Gouvènè Hochul te investè plis pase 800 milyon dola nan inisyativ pou konbat  
krim***

Gouvènè Kathy Hochul jodi a mete aksan sou bès k ap kontinye nan krim nan tout eta a kòm yon nouvo rapò endepandan klase kominote New York yo pami sa yo ki pi an sekirite nan nasyon an baze sou pousantaj krim vyolan, sèvis ijans ak lòt paramèt kle. Yo te rekonèt uit konte atravè Eta New York, ki gen ladan konte Long Island, Hudson Valley ak Vil New York, nan klasman US News & World Report nan ["25 Premye Kominote ki pi an Sekirite nan Etazini"](#) – plis pase nenpòt lòt eta nan nasyon an. Kat konte te pami dis premye yo, epi yon konte – Nassau – te klase kòm konte ki pi an sekirite nan nasyon an.

"Sekirite piblik se pi gwo priyorite mwen epi mwen te konsantre sou konbat krim depi lè mwen te antre an fonksyon an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Apwòch nou an ap fonksyone, pliske asasinay, fiziyad, krim vyolan ak krim sou pwopriyete te bese nan tout eta a. Men pa twonpe tèt nou: travay nou an pa ko fini, epi mwen pral kontinye travay pou asire eta nou an pi an sekirite pou tout moun."

Pèfòmans lidè nasyonal New York nan nouvo klasman sa a reflekte yon gwo bès krim k ap kontinye. Krim nan tout eta a bese 6% ane sou ane, dapre done ki soti nan alafwa Divizyon Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la ak NYPD CompStat.

Analiz U.S. News & World Report te rekonèt konte sa yo pami 25 Premye yo ki pi an Sekirite nan Etazini – ak anpil nan yo ki te wè diminisyon krim siyifikatif ane apre ane pou premye mwatye ane 2024 la:

- Long Island
  - Nassau – 18% bès
  - Suffolk – 13% bès
- Hudson Valley
  - Rockland – 26% bès
  - Westchester – 8% bès
  - Putnam - 15% bès an 2023 (done 2024 yo annatant)
- New York City
  - Brooklyn, Queens ak Staten Island – yon bès 3.5% ansanm

Pandan New York ap kontinye fè pwogrè lidè nasyonal nan abòde krim, Gouvènè Hochul te kontinye fè envestisman istorik tou nan nouvo inisyativ pou konbat krim nan tout eta a, ki reprezante plis pase 800 milyon dola nan envestisman nan pwogram ak inisyativ ki teste yo.

Envestisman Gouvènè a gen ladan tou inisyativ ki rekonèt nasyonalman ki administre pa Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (DCJS) Eta a, ki bay finansman, fòmasyon ak asistans teknik bay ajans fòs lòd ak òganizasyon kominotè nan kominote ki pi frape pa vyolans zam ak krim vyolan:

- Prèske 36 milyon dola pou [inisyativ Eliminasyon Vyolans ki Enplike Zam \(Gun Involved Violence Elimination, GIVE\)](#). Atravè GIVE, DCJS ede 28 depatman lapolis nan 21 konte yo aplike estrateji ki baze sou prèv ki pwouve yo reyisi nan redui vyolans ak zam, tankou Poltik ki Akse sou Pwoblèm, Politik nan Pwen Cho yo, Disyasyon Sible/Entèvansyon kont Vyolans Gwoup, Sensibilizasyon Lari, ak Prevansyon Krim atravè konsepsyon anviwòmantal. Estrateji sa yo konsantre sou kèk moun ak kote ki responsab pi fò nan vyolans la epi angaje kominote an jeneral la laj pou bati konfyans. GIVE finanse tou biwo pwokirè distri yo, depatman pwobasyon, ak biwo cherif nan konte sa yo.
- 21 milyon dola pou [Pwogram Sansibilizasyon SNUG Street](#), ki itilize yon apwòch sante piblik pou adrese vyolans ak zam nan idantifye sous la, entèwonp transmisyon, ak trete moun, fanmi ak kominote ki afekte pa vyolans lan. Òganizasyon ak lopital ki baze nan kominote yo opere pwogram nan 14 kominote epi yo anplwaye prèske 200 travayè sansibilizasyon, travayè sosyal ak jesyonè ka. Travayè sansibilizasyon yo se mesaje kredib ki te pèdi pwòch yo nan vyolans oswa ki te patisipe anvan sistèm jistis la. Yo reponn ak fiziyad pou anpeche vanjans, detekte konfli, epi rezoud yo pasifikman anvan yo mennen nan vyolans adisyonèl. Travayè sosyal yo ak jesyonè ka yo travay ak moun ki afekte nan vyolans nan kominote a, tankou zanmi ak fanmi. DCJS sipòte efò entèripsyon vyolans Vil New York la tou, li bay 5 milyon dola pou Sistèm Jesyon Kriz (Crisis Management System, CMS) li a pou li kapab ogmante pwogram sa yo.
- 18 milyon dola pou rezo [Sant Analiz Krim](#) inik eta, ki analize, konpile epi distribye enfòmasyon, entèlijans ak done bay ajans fòs lòd lokal yo nan tout eta a. Okenn lòt eta pa gen yon sistèm ki similè epi sant yo – ki opere an patenarya ak ajans fòs lòd lokal yo nan 10 konte yo ak Vil New York – se sant efò eta ak lokal yo pou

dekouraje, mennen ankèt sou, ak rezoud krim yo. Ane pase a sèlman, anplwaye yo te jere plis pase 90,000 demann pou asistans, ede ajans yo rezoud tout bagay, soti nan vòl an detay rive nan asasina.

- Jiska 20 milyon dola pou [Project RISE](#), yon modèl finansman inik ki rasanble pati konsène yo nan kominote a pou *reponn* ak vyolans ak zam, *investi* nan solisyon, *soutni* pwogram pozitif, ak *ekipe* kominote yo. Nan premye ane li a, inisyativ la te sipòte 99 òganizasyon, ki gen ladan 74 ti pwogram de baz, anpil ladan yo pa t janm resevwa sipò eta pou travay yo. Pwogram ak sèvis RISE finance yo enkli sipò akademik, sèvis travay, konsèy, ak prevansyon delenkans/vyolans.

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** "Investisman konplè Gouvènè Hochul nan pwogram ak estrateji pou adrese ogmantasyon krim nan epòk pandemi an ap pote fwi. Bidjè DCJS la se pi gwo bidjè nan istwa li, sa ki pèmèt nou founi ajans fòs lòd yo ak òganizasyon kominotè k ap abòde kòz ak konsekans krim yo. Mwen vle rekonèt patnè lokal nou yo pou gwo efò yo ak anplwaye mwen yo pou angajman yo nan travay enpòtan sa a."

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)

Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)